

Kay ki reziste nan tranblemann tè

Yon seri atik edikatif pou peyi an devlopman pou amelyore sekirite kay
kont tranblemann tè

Andrew Charleson

Premye edisyon, mas 2022

Yon publikasyon World Housing Encyclopedia, EERI



Gid sa a te pibliye premye fwa nan lane 2022 pa Earthquake Engineering Research Institute, yon òganizasyon ki pa chèche fè lajan. Earthquake Engineering Research Institute se pi gwo òganizasyon ki pa la pou fè kòb ki bay tèt li misyon pou konprann danje tranbleman tèt ak ede kominote yo nan tout mond lan prepare yo pou reziste kont tranbleman tèt.

Gid sa a te ekri epi revize pa kèk volontè, ki tou patisipe nan pwojè World Housing Encyclopedia EERI ak IAEE a.

Tout opinyon, dekouvèt, konklizyon, oswa konsèy ki bay nan dokiman sa a se pa otè a sèlman epi yo pa reprezante sa okenn lòt òganizasyon panse.

Ou ka telechaje kopi piblikasyon sa a sou sit entènèt World Housing Encyclopedia nan <http://www.world-housing.net/>.

Piblikasyon sa a fèt pou tradui nan lòt lang epi modifiye jan sa nesesè pou adapte ak kondisyon nan peyi sa yo, sèlman fòk yo bay EERI kredi pou sa epi retire logo ak mak EERI a. Pèmasyon editè a pa nesesè pou difize yon pati oswa tout piblikasyon sa a.

Remèsiman:

Dokiman sa a te devlope epi revize pa yon ekip ekspè entènasyonal nan pwojè World Housing Encyclopedia a, ki te bay tan ak konesans yo volontèman. Kòmantè revizè sa yo te espesyalman apresye: Svetlana Brzev, Marjorie Greene, Shannon Spiers, Dustin Cook, Lars Abrahamczyk ak Rezi Imani. Mèsi pou Brijhette Farmer pou desinen dyagram yo. Sof si yo ta di yon lòt bagay, se Andrew Charleson ki te pran tout foto nan dokiman an.

Tradiksyon sòti nan angle pou rive nan kreyòl ayisyen te fèt pa Christopher Calixte, pandan ke Steeve Ambroise te korije tèks tradui a.

Konsènan World Housing Encyclopedia:

World Housing Encyclopedia (WHE) se yon ansiklopedi sou konstriksyon kay nan zòn ki gen aktivite sismik nan mond lan. Se Earthquake Engineering Research Institute (EERI) ak International Association for Earthquake Engineering (IAEE) ki pote ansiklopedi sa a. Objektif WHE yo se:

- Pataje konesans sou pratik konstriksyon kay
- Ankouraje itilizasyon teknoloji ki reziste kont tranbleman tèt
- Devlope gid ak resous teknik pou amelyore konstriksyon ki vilnerab devan tranbleman tèt
- Ofri sèvis ak sipò teknik pou kominote atravè mond lan sou teknoloji kay ki reziste kont tranbleman tèt

Lis Atik yo

- Atik 1. Bandung ak tranblemann tè
- Atik 2. Evite pwoblèm tè ak fondasyon pandan tranblemann tè
- Atik 3. Twa sistèm estriktirèl pou reziste kont tranblemann tè
- Atik 4. Poukisa mi rezistan yo se pi bon eleman estriktirèl ki reziste a tranblemann tè
- Atik 5. Èske mi nan bilding yo itil pandan tranblemann tè?
- Atik 6. Koman kay ki fèt ak poto epi travès an beton ame bouje pandan tranblemann tè?
- Atik 7. Prensip pou bilding an masonri ka an sekirite kont tranblemann tè
- Atik 8. Mare eleman estrikti kay yo ansanm pou reziste nan tranblemann tè
- Atik 9. Konesans lokal ak sekirite kay pandan tranblemann tè
- Atik 10. Mi plen yo ak jan yo aji sou bilding yo pandan tranblemann tè
- Atik 11. Yon feblès estriktirèl anpil moun fè poun evite: etaj mou
- Atik 12. Yon feblès estriktirèl anpil moun fè poun evite: yon mi ki pa kontinye
- Atik 13. Yon feblès estriktirèl ki rive souvan pou evite: kolòn kout
- Atik 14. Anpeche yon bilding tòde pandan tranblemann tè
- Atik 15. Poukisa bilding yo frape youn ak lòt pandan tranblemann tè
- Atik 16. Kòd ak nòm konstriksyon
- Atik 17. Sa pou gade nan règleman konstriksyon yo
- Atik 18. Sa ou ka atann nan yon bilding ki fèt dapre kòd konstriksyon yo
- Atik 19. Enpòtans verifikasyon pandan konsepsyon bilding yo
- Atik 20. Enpòtans kontwòl kalite pandan konstriksyon
- Atik 21. Evite eleman ki pa fè pati estrikti kay yo domaje
- Atik 22. Ranfòse bilding yo kont tranblemann tè
- Atik 23. Teknik avanse pou bilding yo kapab reziste tranblemann tè
- Atik 24. Planifikasyon vil ak sekirite kont tranblemann tè
- Atik 25. Sounami ak building yo

Entwodiksyon

Bezwen pou piblikasyon sa a vin parèt klè aprè yon ankèt ki te fèt nan 2019 ak moun ki enplike nan endistri konstriksyon nan Yogyakarta, Endonezi. Yo te mande san karant (140) enjenyè, achitèk, kontraktè ak pwopriyetè bilding pou bay sijesyon sou chanjman ke depatman bilding yo ta ka fè pou amelyore sekirite bilding pandan tranbleman tèt. Sijesyon ki te tounen pi souvan an se te pou depatman bilding yo pran yon wòl nan edikasyon. Moun ki te reponn nan ankèt la te kwè ke enfòmasyon sou danje tranbleman tèt, efè tranbleman tèt sou bilding, ak règleman konstriksyon ki gen rapò ak sekirite bilding yo ta dwe disponib fasil pou tout moun jwenn, menm pou anplwaye depatman bilding yo tou.

25 atik enfòmasyon nan dokiman sa a te ekri an premye pou moun ki nan endistri konstriksyon ansanm ak piblik jeneral nan Bandung, twazyèm pi gwo vil Endonezi a. Pandan plizyè ane, otè a te pase anpil mwa nan vil sa a. Malgre ke atik yo ekri pou yon kontèks espesyal, yo fèt pou sèvi kòm yon modèl. Lide a se pou modifiye atik yo pou yo adapte ak kontèks lokal yo, sa vle di materyèl ak metòd konstriksyon ki itilize nan peyi a. Apre sa, si sa nesèsè, tradui yo nan lang lokal yo, pou anpil vil ak rejyon ki gen pwoblèm tranbleman tèt nan peyi k ap devlope yo.

Après devlope resous edikatif atik sa yo, World Housing Encyclopedia ap chèche patnè nan peyi k ap devlope yo pou tradui yo, chanje sa ki nesèsè epi gaye yo. Yon patnè dwe gen volonte pou amelyore sekirite bilding lokal yo kont tranbleman tèt, gen eksperyans nan konsepsyon bilding ki reziste kont tranbleman tèt, gen bon repitasyon epi moun respektè l lokalman, epi li dwe gen yon pozisyon kote li gen enfliyans nan endistri konstriksyon lokal la. Après chanje ak tradui atik yo pou yo pi pètinan pou zòn nan, patnè a ap gaye yo.


Nan pi bon ka, patnè ki pi enpòtan an se yon depatman konstriksyon lokal oswa rejyonal. Nan pi bon sitiyasyon, li ta mete vèsyon lokal atik yo sou sit entènèt li, epi menm bay kopi enprime pou moun ki ap chèche pèmi konstriksyon ansanm ak piblik jeneral la. Oubyen, yon patnè ta ka yon depatman gouvènman, yon sosyete nasyonal sou tranbleman tèt, yon gwoup pwofesè inivèsite, oswa yon gwo konpayi konsèy jeni. Yo ap rekonèt kontribisyon patnè a nan vèsyon lokal final atik yo epi sa ap ede ogmante vizibilite piblik patnè a. Patnè a ta ka tou ofri pou reponn kesyon ki soti nan atik yo.

Anplis mete atik yo sou yon sit entènèt ak/oswa enprime atik yo pou moun ki vin vizite an pèsòn, gen lòt fason pou gaye yo. Pa egzanp, yo ta ka pibliye atik yo kòm yon seri atik nan jounal oswa magazin. Yo ka vize magazin ke pwofesyonèl konstriksyon ak pwopriyetè bilding ak kay li. Petèt tou yo ta ka pwomote atik yo bay enstitisyon edikasyon pwofesyonèl ak fòmasyon konstriksyon ki apwopriye.


Kay ki reziste nan tranblemann tè

Atik 1. Bandung ak tranblemann tè

Endonezi gen anpil vòlkan, ki gaye sou tout longè li soti nan Sumatra rive pi lwen pase Lombok, fè nou sonje ke nou ap viv sou wòn dife Pasifik la. Anplis de sa nou vilnerab akòz eripsyon vòlkan, nou ap viv tou sou bò yon plak tektonik. Li fòse Plak Ostrali an pliye pandan li kontinye ap glise anba Endonezi ak yon vitès ki k konpare ak zong kap pouse! (Imaj 1). Mouvman-an pa dous. Pafwa glisman an vin bloke. Kontrent yo monte. Kontrent ak enèji yo lage brit sou kou ak vyolans nan wòch yo, sa ki lakòz yon tranblemann tè. Imaj 2 a montre gwo tè ak kote youn nan tranblemann tè Endonezyen ki sot pase yo.




Imaj1. Yon koup transversal atravè Sumatra ak yon vòlkan ki montre plak Ostrali a (1) glise anba Sumatra ak kwout Kontinantal la (2) nan manto a (3). Tranblemann tè (4) yo pwodwi pa mouvmman sa a epitou sou fay Sumatra a (5).



Imaj2. Dènye gwo tranblemann tè ki rive an Endonezi (Wikipedia). Tranblemann tè yo gwoupe dapre gwo tè yo oswa enèji yo lage.


Pandan ke rejyon ki pi aktif ak tranblemann tè an Endonezi yo tou pre bò plak tektonik ki ap deplaseyo, lòt rejyon, tankou Gran Bandung, fè eksperyans tranblemann tè ki vini de fay aktif lokal yo. Isit la, Fay Lembang kouri soti nan Lès pou ale nan Lwès ant nò Bandung ak Lembang (Imaj 3). Rechèch syantifik¹ montre ke pandan lavi yon moun gen 20% chans poul viv ke yon tranblemann tè sou fay sa a ase fò pou domaje ak kraze kay.

Pandan yon tranblemann tè, tè a deplase ale-vini rapidman e san previzyon nan tout direksyon. Mouvman tè pandan yon gwo tranblemann tè ka fè w vin tèlman dezekilibre kew pa ka kanpe. Tè a menm ka afekte pa tranbleman sa a, sa ki la kòz glisman tè ak likefaksyon kote tè a vin mou vin tounen la bou. Men, an jeneral, kay nou ap viv e kote nap travay chak jou, pral sibi pi plis.



Imaj3. Foto ayeryen ki montre kote Bandung ak fay Lembang la (DirektoratGeologi Bandung).

Bilding yo vibre, souke dwat agoch pandan yon tranblemann tè. Pati ki pi wo yo oswa etaj bilding yo deplase sou kote plis pase sa ki anba yo pandan bilding yo pliye ak defòme pandan tranbleman an (Imaj 4). Sa mete gwo kontrent sou estrikti ki sipòte building yo, tankou kolòn, travès ak mi yo. Se tankou ou kanpe wo ak tou de pye atè, ak yon zanmi pouse ou dousman dèyè. Tèt ou ak zepòl ou ap deplase pi plis pase jenou ou ak janm ou. Misk nan pye ou yo pral fè plis efò pou anpeche ou tonbe. Sa a se menm jan ak sa yon bilding sibi pandan yon tranblemann tè. Kolòn an beton ame ak miray an masonri yo se yo ki pi vilnerab. Si yo andomaje, bilding yo ka tonbe. Nou menm, fanmi nou, zanmi nou yo ak lòt moun ka pami viktim yo.



Imaj4. Kay pandan tranblemann tè.

Erezman, li senp epi li pa twò chè pou konsevwa ak konstwi bilding ki reziste nan tranblemann tè. Dega sou kay pandan tranblemann tè pa inevitab. Nou ka evite sa! Plis atik nan seri sa a eksplike ki jan pou nou fè sa nan plis detay. Pou nouvo kay nan Endonezi ak nan lòt peyi yo a la fwa an sekirite epi evite gwo dega pandan tranblemann tè, se yon bagay pou amelyore pratik aktyèl la ak aplike prensip ak pratik ki byen koni e ki fè prèv yo. Se konsa nou ka kenbe tèt nou, fanmi nou, ak pwòch nou viv an sekirite pandan tranblemann tè.

Menm si Bandung pa nan rejyon sismik ki pi aktif la, chans pou yon gwo tranblemann tè fè gwo domaj nan bilding ou a pa piti. Li pi wo pase, pa egzanp, pou gen yon aksidan machin grav. Bilding ki an sekirite pou tranblemann tè yo fasil pou reyalize, men yo pa rive san plis atansyon pase nòmal.

Konsènan seri atik sa yo:

Sa a se yon seri atik sou tranblemanntè, efè yo sou kay yo, ak fason pou asire ke kay yo an sekirite kont tranblemanntè. Yo fèt pou pwopriyetè potansyèl nouvo kay ak pi gwo bilding ak lòt moun ki enplike nan domèn konstriksyon an. Atik yo ekri pa Andrew Charleson ak kòlèg li ki soti nan World Housing Encyclopedia (<http://www.world-housing.net/>) ki patwone pa Earthquake Engineering Research Institute (<https://www.eeri.org/>) ak Asosyasyon Entènasyonal Jeni Tranblemanntè (<http://www.iaee.or.jp/>). Si sa nesesè, atik yo ka tradui ak kontni yo ka chanje pa ekspè lokal pou yo ka adapte ak kondisyon lokal yo.

Referans:


Daryono, M. R., Natawidjaja, D. H., Sapiie, B., and Cummins, P., 2019. Earthquake Geology of the Lembang Fault, West Java, Indonesia, *Tectonophysics*, Volume 751, 20 January, pp. 180-191.

Kay ki reziste nan tranblemann tè

Atik2. Evite pwoblèm tè ak fondasyon pandan tranblemann tè


Ideyalman, chak nan nou ta renmen kay li oswa bilding li rete a bati sou wòch solid. Si se konsa, nou ta elimine plizyè ka tè ki ka koze gwo domaj nan kay nou. Pandan tè ap tranble, tè a ka konpòte l yon fason ki pa sèlman dwòl men ki se danje pou kay yo.

Petèt danje ki pi klè rive nan ravin yo. Yo sansib a wòch kap tonbe ak tè kap glise. Tou lè de ka detwi kay yon moun ak tout yon kominote. An jeneral, solisyon enjenyè sivil yo jwenn konn anpeche pwoblèm sa yo. Pa egzanp, drenaj nan kouch tè anlè yo ka anpeche dlo lapli fè tè a vin mou ki ka glise lè tranblemann tè a komanse. Estabilizasyon aktif nan do mòn ki mande fouye twou pwofon ak enstale ankraj nan tè pou anpeche ke tè a glise sa ki ka mande plis entèvansyon ak envestisman (Imaj 1).



Imaj 1. Yon koup transvèsal nan yon pant ki pa estab (1). Yon mòso tè koub ki ta ka glise (2) yo anpeche li glise ak ankraj nan tè avèk kèk bafè (3) ki fouye ak beton nan pant lan.

Nou ka byen sezi, yon pwoblèm grav ke tranblemann tè pwovoke ka pèsiste anba menm tè ki plat. Sa a se sitou ka kote sòl la chita sou sab ki pa kenbe anba nivo dlo a. Tranblemann tè melanje sab la ak dlo tankou yon labouyi. Se poutèt sa sa yo rele li "likefaksyon". Kay ki bati sou tè sa ki vin likid, ka koule ladan l. Yo panche, oswa menm tonbe nèt (Imaj 2). Chèche sou entènèt la pou "buildings liquefaction" pou wè anpil foto. Nan ka pi grav yo, tankou pandan tranblemann tè Palu an Endonezian 2018 la, anpil kay yo te pote ale epi yo te disparèt nan tè ki toudenkou tounen labou.



Imaj 2. Tranblemann tè lakòz kèk tè pèdi fòs e tounen tankou dlo, ki koze bilding nan panche.

Danje sa yo ki ka rive ki gen rapò ak tè avèk tranblemann tè se yon rapèl ke nou bezwen mennen ankèt sou tè a anvan konsepsyon ak konstriksyon. Yo rekòmande fè tèsen teren an. Tèsen senp pou ti kay, men tèsen pi konplè pou gwo pwojè yo.

Enjenyè sivil yo bezwen rezilta tè sa yo pou yo ka gen konfyans ke teren a kapab sipòte pwa kay la. Tès la anjeneral vle di fouye anba sifas tè a pou konnen ki kalite tè ki la (Imaj 3). Yo souvan pran echantiyon tè yo pou fè tè nan laboratwa. Espesyalman pou pi gwo bilding, kliyan yo ta dwe angaje yon enjenyè jeoteknik pou fè aranjman pou tè sa yo, pou entèprete rezilta yo ak rekòmande kritè konsepsyon. Pou sit ki sou pant oswa ki gen tandans fè likefaksyon, enjenyè jeoteknik yo ka rekòmande kèk mezi pou depase pwoblèm ki ka mete an danje sekirite bilding yo.



Imaj 3. Yon machin ki fouye pou pran echantiyon tè pou fè tè nan yon laboratwa.

Li trè zenpòtan pou mèt bilding yo fè ankèt ak tè korèk pandan etap konsepsyon an ak anvan yo kòmanse konstwi. Sa a patikilyèman enpòtan pou zòn ki gen tè mou.

Konsènan seri atik sa yo:

Sa a se yon seri atik sou tranblemanntè, efè yo sou kay yo, ak fason pou asire ke kay yo an sekirite kont tranblemanntè. Yo fèt pou pwopriyetè potansyèl nouvo kay ak pi gwo bilding ak lòt moun ki enplike nan domèn konstriksyon an. Atik yo ekri pa Andrew Charleson ak kòlèg li ki soti nan World Housing Encyclopedia (<http://www.world-housing.net/>) ki patwone pa Earthquake Engineering Research Institute (<https://www.eeri.org/>) ak Asosyasyon Entènasyonal Jeni Tranblemanntè (<http://www.iaee.or.jp/>). Si sa nesesè, atik yo ka tradui ak kontni yo ka chanje pa ekspè lokal pou yo ka adapte ak kondisyon lokal yo.

Referans:

Charleson, A. W., 2008. *Seismic design for architects: outwitting the quake*. Oxford, Elsevier. Chapter 7, pp. 113-123.

Moller, E., 2016. Demonstrate liquefaction: shaky sediments. Exploratorium Teacher Institute.


<https://www.youtube.com/watch?v=Kkgt-cPjBwA> (accessed 8 May 2020).

Murty, C. V. R., 2005. Earthquake Tip 30: What is important in foundations of earthquake-resistant Buildings? IITK-BMTPC "Learning earthquake design and construction", NICEE, India. <http://www.iitk.ac.in/nicee/EQTips/EQTip30.pdf> (accessed 5 May 2020).


Kay ki reziste nan tranblemann tè

Atik 3. Twa sistèm estriktirèl pou reziste kont tranblemann tè


Nan nenpot vil kay yo tout jan. Gen kèk ki gen ti wotè pandan ke gen lòt ki trè wo, gen kèk ki se kounouk e gen lòt ki men lajè, tankou yon sant komèsyal. Menmsi kay yo parèt depaman youn ak lòt, gen sèlman twa sistèm estriktirèl ki menm pou tout kay pou reziste pandan yon tranbleman tè. Twa sistèm yo se mi ak ba fè, ke yo rele mi estriktirèl; ankadreman ak kontrevantman an triyann; ak ankadreman poto ak travès, jan yo montre nan Imaj youn nan.



(a) Shear walls




(b) Braced frames



(c) Moment frames

Imaj 1. Twa system estrekti ki menm pou ede kay yo reziste pandan yon tranbleman tè (de pi djanm la a pi fèb)

Lè achitèk ak enjenyè sivil yo konsevwa yon nouvo kay, yo chwazi youn nan twa sistèm sa yo pou reziste a fòs tranbleman tèt yo. Pafwa, yo chwazi de nan system sa yo pou reziste ak sekous tranbleman tèt nan kay la, youn nan chak direksyon (Imaj 2). Depi youn nan twa sistèm yo bay kay la ase fòs pou reziste, kay la ka reziste ak sekous nan nenpòt direksyon.



Imaj 2. Sis ankadremman poto ak travès, chak gen twa trave, yo reziste ak sekous nan kay la, ak de mi estriktirèl ki reziste ak sekous nan direksyon longè kay la. (dal yo pa parèt).


Chak sistèm yo vètikal epi yo ta dwe soti depi nan fondasyon kay la rive nan tèt kay la. Kantite mi yo, ankadremman ak kontrevantman an triyan oswa ankadremman poto ak travès ki nesese yo depann de risk sismik yon vil, gwosè kay lan ak enpòtans li pou kominote a.

Ankadremman poto ak travès yo se yon sistèm ki pi popilè (Imaj 3). Poto yo ak travès yo reziste a tranbleman tèt lè yo byen konekte (wè Atik 6). Ankadremman yo ofri pi gwo libète pou planifye espas andedan kay la ak ouvèti fenèt yo. Malerezman, ankadremman poto ak travès yo anjeneral pi fleksib nan tranbleman tèt pase de lòt sistèm yo. Yo balanse pi plis e yo ale pi lwen epi yo gen plis tandans fè domaj. Yo pi difisil tou pou konsepsyon ak bati byen, epi yo sansib a erè konstriksyon. Tankou pou materyo konstriksyon yo, yo anjeneral bati ak beton ame oswa asye estriktirèl. Kad an bwa yo ka itilize pou kay ki ba.



Imaj 3. De ankadremman poto ak travès ki gen 4 trave pou reziste a fòs tranbleman tèt ki aji sou kay la. Ankadremman ki sanble ak yo ta dwe sou lòt bò kay la.

Ankadremman ak kontrevantman an triyang yo genyen manm dyagonal ki fòme triyang ak travès yo ak kolòn yo (Imaj 4). Yo fèt an asye epi yo souvan jwenn yo nan konstriksyon ki ba, tankou depo. Kalite soudaj yo ka yon feblès nan koneksyon asye sof si gen asirans kalite ki byen fèt, poutrèl ak diagonal yo ka pèmèt kay yo reziste anba gwo fòs.



Imaj 4. Ankadreman an asye ak diagonal yo ki reziste kont fòs tranblemann tè ki aji nan bilding nan. Ankadreman an asye yo bay fòs ansanm bilding nan.

Mi ki feraye oswa mi estriktirèl yo se potansyèlman sistèm estriktirèl ki pi fò kont tranbleman tè (Imaj 5). Nan tout monn la, yo gen pi bon renome. Plis mi yo long e plis gen mi, se pi plis bilding yo fò. Sa vle di ap gen mwens mouvman ale vini ki ka lakòz domaj nan bilding nan. Beton ki gen fè se materyo ki itilize pi souvan pou konstwi mi estriktirèl ki wo. Mi masonri chene (refere Atik 4) yo bon pou kay ki ba. Nan kèk peyi ki konn gen tranblemann tè, tankou Etazini oswa Nouvèl Zelan, konstriksyon an bwa ki ba yo fèt ak mi estriktirèl an playwoud oswa kontreplake pou reziste ak tranblemann tè. Pwodui an bwa ki itilize nan konstriksyon tankou bwa prepare komanse itilize tou kòm mi estriktirèl nan kay ki wo.



Imaj 5. Yon miray estriktirèl konkrè ki ranfòse reziste a fòs ki aji sou longè bilding nan. Ta dwe gen yon lòt miray sou lòt bò a nan bilding nan.

Konsènan seri atik sa yo:

Sa a se yon seri atik sou tranblemann tè, efè yo sou kay yo, ak fason pou asire ke kay yo an sekirite kont tranblemann tè. Yo fèt pou pwopriyetè potansyèl nouvo kay ak pi gwo bilding ak lòt moun ki enplike nan domèn konstriksyon an. Atik yo ekri pa Andrew Charleson ak kòlèg li ki soti nan World Housing Encyclopedia (<http://www.world-housing.net/>) ki patwone pa Earthquake Engineering Research Institute (<https://www.eeri.org/>) ak Asosyasyon Entènasyonal Jeni

Tranblemann tè (<http://www.iaee.or.jp/>). Si sa nesesè, atik yo ka tradui ak kontni yo ka chanje pa ekspè lokal pou yo ka adapte ak kondisyon lokal yo.

Referans:

Braced Frame. Glossary for GEM Taxonomy. Global Earthquake Model. <https://taxonomy.openquake.org/terms/braced-frame-lfbr>.

Charleson, A. W., 2008. *Seismic design for architects – outwitting the quake*. Elsevier: Oxford. Chapter 4 “Vertical structure”, pp. 63-91.

Moment Frame. Glossary for GEM Taxonomy. Global Earthquake Model. <https://taxonomy.openquake.org/terms/moment-frame-lfm>.

Murty, C. V. R., 2005. *How do earthquakes affect reinforced concrete buildings – Earthquake Tip 17*. IITK-BMTPC “Learning earthquake design and construction”, NICEE, India. <http://www.iitk.ac.in/nicee/EQTips/EQTip17.pdf> (accessed 5 May 2020).


Murty, C. V. R., 2005. *Why are buildings with shear walls preferred in seismic regions?– Earthquake Tip 23*. IITK-BMTPC “Learning earthquake design and construction”, NICEE, India. <http://www.iitk.ac.in/nicee/EQTips/EQTip17.pdf> (accessed 5 May 2020).

Wall. Glossary for GEM Taxonomy. Global Earthquake Model. <https://taxonomy.openquake.org/index.php/terms/wall-lwal>.

Kay ki reziste nan tranblemann tè


Atik 4. Poukisa mi rezistan yo se pi bon eleman estriktirèl ki reziste a tranblemann tè

Jan sa te masyone nan Atik 3 a, mi yo se youn nan twa sistèm ki pi koni ke yo itilize nan bilding pou reziste lè gen mouvman orizontal. Mi yo parèt pi djanm nan twa sistèm yo, yo gen mwens chans pou gen erè nan nan konstriksyon yo. Yo gen tou yon trè bon renome ki baze sou obsèvasyon entènasyonal sou kay ki domaje pandan tranblemann tè (Imaj 1). Malgre ke mi estriktirèl yo pa tèlman itilize nan bilding ki gen mwayèn pou rive nan gwo wotè lè nou konpare ak ankadreman poto ak travès, kad yo plis kapab sibi domaj. Pa egzanp, pou rezon sa a, anpil nan bilding nan Chili gen mi estriktirèl olye de ankadreman poto ak travès. Mi yo te byen konpote yo lè te gen dènye gwo tranblemann tè yo.



Imaj 1. Yon bilding ki andomaje pandan tranblemann tè. Rezistans ak rijidite mi long ki pentire an blan an anpeche domaj. Yon sistèm estriktirèl ki pi fleksib ki aji sou tout bilding nan te lakoz pi gwo mouvman ak domaj nan fasad devan an. Li kouvri tanporèman ak fèy playwoud.

Kidonk mi yo se pi bon eleman estriktirèl pou reziste kont tranblemann tè. Men, chwa materyo pou miray la depann de wotè bilding nan. Nan bilding ki ba, tankou kay yon etaj ak de etaj, mi an masonri chene (Atik 7) se pi enteresan lè nou konsidere aspè konstriksyon ak pri (Imaj 2). Dimansyon chenaj (poto ak travès solid) ki nan nan bilding sa yo pi piti pase sa ki nan bilding ki menm jan yo men ki itilize ankadreman poto ak travès (Atik 6). Jan sa te di pi wo a, miray yo mennen nan mouvman ki pi piti. Pou tèt sa, mi yo ak lòt eleman bilding yo, tankou mi ki separe chanm yo, sibi mwens domaj lè gen tranblemann tè. Sepandan, miray yo limite jan ou ka planifye andedan kay la ak limyè natirèl plis pase ankadreman poto ak travès yo. Pri fondasyon yo ka pi wo tou. Sa yo se prensipal dezavantaj yo.




Imaj 2. Yon kay de etaj ak mi masonri chene ak yon dal an beton (ki pa montre). De mi sou kote kay la men longè pèmèt kay la reziste ak sekous nan direksyon pi long long bilding nan. Twa miray pi kout ap reziste ak sekous lateral yo (direksyon X). Poto ak mi separasyon yo pa montre.

Mi ki fèt ak beton epi fè itilize anpil nan bilding ki wo nan lòt peyi ki konn gen tranbleman tèt. Mi sa yo sòti san kanpe depi nan fondasyon ki solid, ak oswa san pil ak san gwo ouvèti nan premye etaj yo, pou rive sou do kay la (Imaj 3). Chak dal beton ak do kay la bezwen yon koneksyon fò ak mi yo.



Imaj 3. Yon kay kap kontwi. Pifò fòs tranbleman tèt yo nan tou de direksyon yo reziste pa mi estriktirèl an beton ame. Nan ka sa a, kèk ranfò bay tou pa yon ankadremman an asye ki alantou.

Pou asire sekirite, mi estriktirèl yo dwe gen ase epesè ak ase longè orizontal. Si mi yo twò mens, bout yo ka pi fasil tòde epi yo ka domaje pandan tranbleman tèt. Si yo twò kout oswa twò mens, mi yo ap twò fèb ak fleksib, e bilding yo ka souke twòp (Imaj 4) e sa ka lakòz twòp domaj. Pou bilding an masonri ki ba, kantite mi rezistan ki nesèsè nan tou de direksyon, longè ak epesè mi yo ka jwenn nan gid konstriksyon yo, tankou pa Meli (2011). Detay korèk pou mete asye nan konstriksyon mi yo enpòtan tou pou asire sekirite nan yon tranbleman tèt (Carlevaro, 2018). Pou bilding ki pi wo, mi estriktirèl yo dwe fèt dimasyon pa enjenyè sivil kalifye.



Imaj 4. Pandan yon tranbleman tèt, de mi rezistan mens (1) sou kote men pèmèt twòp mouvman. Epi tou, yo pliye nan baz yo. De mi ki pi long (2) pèmèt mouvman nan lòt direksyon an limite. Pozisyon orijinal bilding nan make pa kontou pwentiye yo (3) ak (4) montre mi a pliye nan baz li paske li twò mens.

Konsènan seri atik sa yo:

Sa a se yon seri atik sou tranbleman tèt, efè yo sou kay yo, ak fason pou asire ke kay yo an sekirite kont tranbleman tèt. Yo fèt pou pwopriyetè potansyèl nouvo kay ak pi gwo bilding ak lòt moun ki enplike nan domèn konstriksyon an. Atik yo ekri pa Andrew Charleson ak kòlèg li ki soti nan World Housing Encyclopedia (<http://www.world-housing.net/>) ki patwone pa Earthquake Engineering Research Institute (<https://www.eeri.org/>) ak Asosyasyon Entènasyonal Jeni KAY KI REZISTE NAN TRANBLEMAN TÈT | Atik 4. Poukisa mi yo se pi bon eleman estriktirèl ki reziste a tranbleman tèt

Tranblemann tè (<http://www.iaee.or.jp/>). Si sa nesesè, atik yo ka tradui ak kontni yo ka chanje pa ekspè lokal pou yo ka adapte ak kondisyon lokal yo.

Referans:

Carlevaro, N., Roux-Fouillet, G., and Schacher, T., 2018. Guide book for building earthquake-resistant houses in confined masonry. Guide book for technical training for earthquake-resistant construction of one to two-storey buildings in confined masonry. Swiss Agency for Development and Cooperation Humanitarian Aid and Earthquake Engineering Research Institute. http://www.world-housing.net/wp-content/uploads/2018/11/Guide-book-for-building-eq-re-houses-in-cm_version-1806.pdf (accessed December 2019).

Charleson, A. W., 2008. Seismic design for architects: outwitting the quake. Oxford, Elsevier. Chapter 5, pp. 66-76.

Meli, R., Brzev, S., Astroza, M., Boen, T., et al., 2011. Seismic design guide for low-rise confined masonry buildings. EERI and IAEE. <http://www.world-housing.net/wp-content/uploads/2011/08/ConfinedMasonryDesignGuide82011.pdf> (accessed April 2020).


Murty, C.V.R., 2005. *Why are buildings with shear walls preferred in seismic regions?— Earthquake Tip 23*. IITK-BMTPC “Learning earthquake design and construction”, NICEE, India. <http://www.iitk.ac.in/nicee/EQTips/EQTip17.pdf> (accessed 5 May 2020).

Kay ki reziste nan tranblemann tè

Atik 5. Èske mi nan bilding yo itil pandan tranblemann tè?

Tout kay ak bilding gen mi. Mi yo pwoteje nou. Pifò mi nan bilding Bandung yo bati an brik oswa blòk, après yo krepri ak pentire. An jeneral mi yo jwenn yo alantou bilding yo, men genyen tou andedan bilding la. Mi yo kreye espas nou okipe yo ak ouvèti pou pòt ak fenèt yo, rann espas yo pi fasil pou viv. Mi yo sipòte tou do kay la.

Menm jan ak nenpòt moun, mi an masonri yo gen fòs ak feblès. An reyalyte, yon miray gen de pwen fò ak yon pwen fèb enpòtan. Premyèman, youn nan pwen fò yon miray se jan li ka sipòte pwa konstriksyon ki anlè li. Li fò tou lè li ap reziste ak yon fòs orizontal ki paralèl ak longè li, tankou pandan yon tranblemann tè. Sa a se espesyalman konsa si yo te mete brik miray la an premye, epi se sèlman aprè kolòn ak senti an beton ame yo koule, sa ki pratik. Tip konstriksyon sa bay sekirite, anpil moun itilize li an Endonezi, yo rele li masonri chene. Manm an beton ame vètikal ak orizontal yo kwense brik yo, anpeche yo tonbe, epi jeneralman mare tout bagay ansanm (Imaj 1 ak 2). Mi brik ki pa genyen ranfò sa yo pa an sekirite pandan tranblemann tè.




Imaj 1. Yon mi solid pou fòs ki sòti anlè ki desann anba (1) ak fòs orizontal (nan tranblemann tè) (2) paralèl ak longè li. Inite masonri oswa brik (3) yo krepri (4) epi yo sipòte pa yon fondasyon (7). Masonri a mare ak yon senti (5) ak yon kolòn (6).




Imaj 2. Yon mi an masonri chene pandan li ap konstwi.

E pwen fèb mi yo? Kote yon mi mens epi li pa sipòte pa lòt mi sou kote li oswa yon etaj oswa twati, li trè fèb pou reziste ak tranbleman tè ki vini nan ang dwat nan longè li (Imaj 3). Sonje byen li difisil pou konstwi yon kay an katon ak zèl kat. Yon zèl kat (miray) pa ka rete kanpe pou kont li sou sòl si li pa sipòte pa youn lòt kat nan ang dwat li. Eseye li pou tèt ou!



Imaj 3. Yon miray ki montre nan koup transversal li (1) li vrèman fèb kont fòs lateral ki vini de mouvman pandan tranbleman tè (2).

Chak mi bezwen sipò sou kote pou korije feblès li yo, pandan youn ap sipòte lòt. Nan yon bilding reyèl nou fè fas ak feblès nan yon mi kont fòs sou kote nan tranbleman tè (ak van) pa lòt mi nan ang dwat oubyen lè yo mare ak senti. Senti sa a se de travès ki pase sou tèt mi vilnerab (fèb) la e ki mare ak lòt travès menm jan an ki pase sou mi ki oryante nan ang dwat ak mi fèb la (Imaj 4). Si yon miray pa konekte ak lòt mi nan ang dwat tankou sa a, li pral pwobableman tonbe pandan yon tranbleman tè. Kolòn ki mare ak pifò mi kay yo epi yo montre nan Imaj 1 yo twò fèb pou kont yo pou bay sipò pou mi yo.



Imaj 4. Pati nan kay la san do a. Mi A sibi yon fòs lateral nan tranblemann tè (1) li mare ak yon senti (2) ki li menm mare tèt mi A ak mi B ak C yo (3).

Nan pi gwo bilding ki gen kolòn ak senti an beton ame, mi yo pa sipòte pwa bilding nan. Sepandan, mi yo toujou bezwen sipò pou anpeche yo tonbe sou kote nan oswa sòti deyò bilding nan pandan tranblemann tè.

Konsènan seri atik sa yo:

Sa a se yon seri atik sou tranblemann tè, efè yo sou kay yo, ak fason pou asire ke kay yo an sekirite kont tranblemann tè. Yo fèt pou pwopriyetè potansyèl nouvo kay ak pi gwo bilding ak lòt moun ki enplike nan domèn konstriksyon an. Atik yo ekri pa Andrew Charleson ak kòlèg li ki soti nan World Housing Encyclopedia (<http://www.world-housing.net/>) ki patwone pa Earthquake Engineering Research Institute (<https://www.eeri.org/>) ak Asosyasyon Entènasyonal Jeni Tranblemann tè (<http://www.iaee.or.jp/>). Si sa nesèsè, atik yo ka tradui ak kontni yo ka chanje pa ekspè lokal pou yo ka adapte ak kondisyon lokal yo.

Referans:

Carlevaro, N., Roux-Fouillet, G., and Schacher, T., 2018. Guide book for building earthquake-resistant houses in confined masonry. *Guide book for technical training for earthquake-resistant construction of one to two-storey buildings in confined masonry*. Swiss Agency for Development and Cooperation Humanitarian Aid and Earthquake Engineering Research Institute. http://www.world-housing.net/wp-content/uploads/2018/11/Guide-book-for-building-eq-re-houses-in-cm_version-1806.pdf (accessed December 2019).

Kay ki reziste nan tranblemann tè


Atik 6. Koman kay ki fèt ak poto epi travès an beton ame bouje pandan tranblemann tè?

Pandan kay ki ba tankou kay ki gen yon sèl oswa de etaj konte sou miray an masonri oswa an bwa pou sipò pandan tranblemann tè, anpil kay ki pi wo depann sou yon estrikti kolòn ak travès an beton ame ki sipòte dal chak etaj. Estrikti sa yo ka fèt tou an asye. Manm estriktirèl vètikal ak orizontal sa yo travay ansanm pou sipòte pwa yon kay ak pou reziste ak yon tranblemann tè ki li menm orizontal.

Pi bon fason pou apresye yon estrikti an beton ame ak kijan li reziste pandan yon tranblemann tè se pou wè li pou kont li! Sa vle di, pou wè estrikti a san miray sou kote yo ak sa ki andedan kay la anvan yo konstwi (Imaj 1). Sèlman kat bagay ki vizib, do kay, dal lòt etaj yo, kolòn ak travès yo. Konpare ak yon miray ki pi long, kolòn yo trè mens. Yo se manm estriktirèl ki pi frajil nan yon kay. Yo sipòte tout pwa bilding nan. Pandan tranblemann tè, kolòn yo bezwen plwaye ak balanse sou kote san yo pa kraze pandan yo ap reziste ak fòs orizontal yo (Imaj 2).



Imaj 1. De kay sa yo kanpe aprè yon tranblemann tè gras ak fòs poto ak travès yo. Mi yo ak revètman deyo yo poko fèt.



Imaj 2. Yon poto (1) ak yon travès (2) yon ka yak kad kap bouje pandan yon tranbleman tè. Nap note ke kolòn yo ak travès yo pliye. Yo konekte nan jwenti solid (3) kote yo rankontre.

Men, kolòn yo pa ka fè tout travay sa a pou kont yo. Yo bezwen travès pou ede yo. Travès yo pi fon pase dal etaj yo ki sipòte yo epi yo konekte solid ak kolòn yo. Yo bezwen yon ranfòsman espesyal an asye ki byen antre nan beton an nan jwenti yo. Jwenti solid ant kolòn ak travès vle di lè kolòn yo pliye, travès yo pliye tou. Sa rann bilding nan pi solid an jeneral, li vin mwens fleksib oswa mou, e li gen mwens chans pou li domaje.

Paske kolòn yo se eleman estriktirèl ki pi enpòtan, yo dwe pwoteje. Si yo sibi twòp domaj, tout bilding nan riske tonbe. Enjenyè yo itilize de estrateji pou pwoteje kolòn yo. Premyèman, kolòn yo dwe gwo ak fò. Kolòn mens yo jis pliye epi kase pandan yon tranbleman tè, kidonk kolòn yo dwe gwo anpil. Anplis ke yo dwe gwo ase, kolòn yo bezwen anpil ranfòsman an asye vètikal ak etriye orizontal sou tout wotè yo (Gade Imaj 3). Etriye yo anpeche kolòn yo kase pandan yo ap pliye sou kote. Kolòn yo ta dwe konsiderableman pi laj ak pi epè pase nenpòt miray masonri ki rankontre yo. Yo dwe gen dimansyon ki an akò ak kalkil enjenyè a.



Imaj 3. Ranfòsman nan kolòn yo vizib anvan yo koule beton an. Ranfòsman sa a fèt ak ba vètikal ki kap anpeche yo pliye, ansanm ak etriye orizontal ki anpeche beton kolòn nan kraze epi kite asye nan poto a.

Dezyèm estrateji pou pwoteje kolòn yo se kalkile yo pou yo pi djanm pase travès yo. Sa vle di ke pandan gwo tranbleman tè, travès yo, ki yon ti kras pi fèb pa esprè, sibi kèk domaj men ki pa kritik, e nan pwosesis sa a, pwoteje kolòn yo.

De estrateji sa yo fè ke estrikti ki an sekirite pandan tranbleman tè an jeneral gen kolòn relativman gwo, travès yon ti kras pi piti, ak jwenti solid ant travès ak kolòn.

Konsènan seri atik sa yo:

Sa a se yon seri atik sou tranbleman tè, efè yo sou kay yo, ak fason pou asire ke kay yo an sekirite kont tranbleman tè. Yo fèt pou pwopriyete potansyèl nouvo kay ak pi gwo bilding ak lòt moun ki enplike nan domèn konstriksyon an. Atik yo ekri pa Andrew Charleson ak kòlèg li ki soti nan World Housing Encyclopedia (<http://www.world-housing.net/>) ki patwone pa Earthquake Engineering Research Institute (<https://www.eeri.org/>) ak Asosyasyon Entènasyonal Jeni Tranbleman tè (<http://www.iaee.or.jp/>). Si sa nesesè, atik yo ka tradui ak kontni yo ka chanje pa ekspè lokal pou yo ka adapte ak kondisyon lokal yo.

Referans:

Murty, C. V. R., et al., 2006. At risk: the seismic performance of RC frame buildings with masonry infill walls. California, World Housing Encyclopedia. http://www.world-housing.net/wp-content/uploads/2011/05/RCFrame_Tutorial_English_Murty.pdf (accessed 8 June 2020).


Kay ki reziste nan tranblemann tè

Atik 7. Prensip pou bilding an masonri ka an sekirite pou tranblemann tè


Atik 5 avan an bay enfòmasyon de baz sou mi an masonri, eleman ki pi komen nan bilding ki ba yo ki reziste nan tranblemann tè nan peyi Endonezi. Li te diskite sou fason mi yo fò nan direksyon longè yo men fèb ak mouvman sou kote yo. Mi an masonri, lè yo fèt ak bon jan kalite materyo, yo ta dwe bati kòm mi masonri mare nan beton. Sa vle di ke chak panno blòk ou brik mare ak yon poto nan chak bout li epi yon travès nan tèt li an beton ame. Travès la koule sou miray la nan nivo lamye a, si genyen, oubyen nan dal chak etaj.

Ki jan pou nou enkòpore mi sa yo nan yon bilding, tankou yon kay ki gen de etaj? Premyèman, nou dwe sonje ke mi yo dwe pwoteje bilding yo nan kont tranblemann tè. Apre sa, nou bezwen aplike kat prensip sa yo:

1. Chak kay bezwen de mi solid pou piti paralèl ak longè bilding lan ak de mi nan ang dwat ak lot de premye mi yo. Tranblemann tè a soti nan tout direksyon kidonk chak bilding bezwen rezistans sou kote ak nan longè (Imaj 1). Menm si tout mi an masonri yo ta dwe konstwi tankou mi konfine, mi fò yo pa dwe gen gwo ouvèti ki ap febli li nan anpeche fòs diagonal yo fòme nan li (Imaj 2). Pi lwen, epesè masonri plis krepisay yo ta dwe ase pou gwo wotè miray la, epi finalman, chak miray fò yo ta dwe pi long pase mwatye wotè mi a. Gade Meli (2011) ak lòt dokiman pou plis enfòmasyon detaye.




Imaj 1. Nan kay senp sa a ki gen de mi fò (montre an gri san gwo ouvèti) reziste ak sekous sismik ki traverse bilding la ak longè li.



Imaj 2. Yon miray an masonri solid ki mare ak senti (1), kolòn (2) ak masonri (3). Lè yon tranblemann tè frape (4) li reziste pa konpresyon dyagonal nan mi an (5) ak tansyon nan youn nan kolòn yo (6). Fòs tranblemann tè orizontal la reziste pa tè a (7) ak fòs vètikal la tou pa tè a (8). Nan (b) miray la gen yon ouvèti ki anpeche fòmasyon nan liy dyagonal fòs ki rann miray la febli.

- Mi fò yo ta dwe byen distribye nan tout bilding lan, nan tou de direksyon (Imaj 3). Miray ki nan menm direksyon an e ki byen plase youn pa rapò ak lòt, anpeche bilding la tòde pandan yon tranblemann tè. Li enpòtan anpil pou gen mi ase, an tèm de longè ak epesè, nan chak direksyon. Ki sa ki "ase" depann sou gwosè bilding lan ak kalite brik oswa blòk yo.



Imaj 3. Miray solid yo byen distribye nan tout bilding lan. Kat mi solid reziste ak sekous transversal atravè kay la ak twa pou reziste ak sekous nan sans longè bilding lan. Tout mi yo dwe mare ansanm ak senti yo (ki pa montre).

- Senti yo dwe mare tèt mi yo ansanm. Senti yo pa sèlman sere panno masonri yo, men tou mare eleman konstriksyon yo ansanm pou anpeche youn dekole ak lòt.
- Mi fò nan nenpòt bilding yo ta dwe vètikal an kontini soti nan fondasyon an pou rive nan senti ak do kay la. Sa vle di, pa egzann, ke nan yon kay ki gen de etaj, yon miray fò nan etaj anwo a dwe chita dirèkteman sou menm kalite miray fò nan etaj ki bay a tè a.

Konsènan seri atik sa yo:

Sa a se yon seri atik sou tranblemann tè, efè yo sou kay yo, ak fason pou asire ke kay yo an sekirite kont tranblemann tè. Yo fèt pou pwopriyetè potansyèl nouvo kay ak pi gwo bilding ak lòt moun ki enplike nan domèn konstriksyon an. Atik yo ekri pa Andrew Charleson ak kòlèg li ki soti nan World Housing Encyclopedia (<http://www.world-housing.net/>) ki patwone pa Earthquake Engineering Research Institute (<https://www.eeri.org/>) ak Asosyasyon Entènasyonal Jeni Tranblemann tè (<http://www.iaee.or.jp/>). Si sa nesesè, atik yo ka tradui ak kontni yo ka chanje pa ekspè lokal pou yo ka adapte ak kondisyon lokal yo.

Referans:

Boen, T., et al., 2009. BukusakuPersyaratanpokokrumah yang lebihaman. PU and JICA.

https://www.jica.go.jp/indonesia/indonesian/office/topics/pdf/buku_saku_0.pdf (accessed 11 April 2020).

Carlevaro, N., Roux-Fouillet, G., and Schacher, T., 2018. Guide book for building earthquake-resistant houses in confined masonry. Swiss Agency for Development and Cooperation Humanitarian Aid and EERI. http://www.world-housing.net/wp-content/uploads/2018/11/Guide-book-for-building-eq-re-houses-in-cm_version-1806.pdf (accessed December 2019).

Meli, R., Brzev, S., Astroza, M., Boen, T., et al., 2011. Seismic design guide for low-rise confined masonry buildings. EERI and IAEE. <http://www.world-housing.net/wp-content/uploads/2011/08/ConfinedMasonryDesignGuide82011.pdf> (accessed April 2020).

Public Works Department, 2016. Izinmendirikanbangunan Gedung, No. 05/PRT/M/2016.

<http://ciptakarya.pu.go.id/pbl/index.php/preview/55/permen-pupr-no-05-tahun-2016-tentang-izin-mendirikan-bangunan-gedung> (accessed 11 April 2020).

For other free and downloadable detailed information, visit <https://confinedmasonry.org/>.

Kay ki reziste nan tranblemann tè

Atik 8. Mare eleman estrikti kay yo ansanm pou reziste nan tranblemann tè

Yon bilding gen anpil pati diferan. Gen kèk pati, tankou etaj, twati, kolòn, travès ak mi ki fè pati estrikti prensipal la. Gen lòt, tankou mi separasyon, miray revètman ak eskalye, ki pa pote chaj. Yo nesesè pou rann bilding nan abitab, men bilding nan pa tap tonbe san yo.

Pandan yon tranblemann tè, yon bilding, ansanm ak tout mòso li yo, souke anpil. Sekous ki pi danjere yo se mouvman orizontal ale-vini nan tout direksyon. Tranblemann tè gen potansyèl pou souke yon bilding fè fann an miyèt mòso. Si yo pa byen fè plan an e yo pa bati kay la jan li dwe fèt, li ka fann an plizyè mòso e li ka tonbe. Yo te deja wè sitiyasyon tèrib sa a rive apre tranblemann tè nan anpil peyi.

Li posib pou anpeche gwo domaj konsa. Sa ki nesesè se mare pati estrikti prensipal la ansanm nan chak nivo etaj ak nan nivo twati a. Eleman vètikal yo tankou mi, bezwen tou mare nan chak nivo pa travès oswa pout senti, ki an jeneral fèt ak beton ame. Teknik sa a sanble ak vlope senti solid oswa lyen alantou chak nivo yon bilding pou anpeche pati li yo gwofle epi tonbe pandan yon tranblemann tè (Gade Imaj 1).




Imaj 1. Yon bilding ki andomaje pandan yon tranblemann tè ka rete kole ansanm nan nivo etaj yo ak nan nivo tè kay la, gras ak travès oswa senti ann fè ki la, ki fonksyone tankou sentiwon ki byen sere.

Erezman, lè planche yon bilding fèt ak beton ame, yo souvan ase solid pou mare bilding nan ansanm nan nivo sa yo. Natirèlman, prensipal fonksyon yon planche se pou moun mache sou li epi mete bagay sou li. Men lè gen tranblemantè orizontal, planche a mare bilding la ansanm nan nivo sa a (Gade Imaj 2). Li fòse tout pati yo deplase ansanm – tankou yon sèl kò, epi li anpeche kèk pati detache epi tonbe. Li ka menm pa nesesè pou mete plis fè nan dal an beton an pou li fè travay koneksyon sa a.



Imaj 2. Planch beton ame yo nan bilding sa a mare kolòn ak travès yo ansanm epi fòse tout pati sa yo deplase ansanm orizantalman pandan yon tranbleman tè.

Li pi difisil pou mare yon nivo nan yon bilding kote pa gen planche oswa twati an beton, oswa kote yo itilize mi an blòk ansanm ak planche an bwa. Nan ka sa yo, se travès oswa senti an beton ki fè travay la (Gade Imaj 3). Yo kreye yon estrikti orizantal an dedan ak alantou bilding nan pou mare tout bagay ansanm. Yo anpeche mi ak kolòn yo detache epi souke youn kont lòt oswa ale youn lwen lòt. Yo anpeche pati nan tèt kay la glise sou sipò li epi tonbe. Yon estrikti ki fèt ak travès sere pi fleksib pase yon dal beton, men li pwouve li ka fonksyone tankou yon sentiwon imajinè ki kenbe tout bagay ansanm.



Imaj 3. Kolòn pou kont yo pa sifi pou anpeche mi yon bilding senp tonbe. Travès oswa senti an beton ki fèt nan nivo tèt kay la a ka mare tout bilding la ansanm. (Soti nan liv gid pou konstwi kay ki reziste tranbleman tè ak mi sere — World Housing Encyclopedia, 2018).

An rezime, chak nivo nan yon bilding, depi fondasyon rive jis nan nivo twati a, dwe byen mare ansanm. Fòk gen dal planche, dal twati oswa pout senti pou sa.

Konsènan seri atik sa yo:

Sa a se yon seri atik sou tranbleman tè, efè yo sou kay yo, ak fason pou asire ke kay yo an sekirite kont tranbleman tè. Yo fèt pou pwopriyetè potansyèl nouvo kay ak pi gwo bilding ak lòt moun ki enplike nan domèn konstriksyon an. Atik yo ekri pa Andrew Charleson ak kolèg li ki soti nan World Housing Encyclopedia (<http://www.world-housing.net/>) ki patwone pa Earthquake Engineering Research Institute (<https://www.eeri.org/>) ak Asosyasyon Entènasyonal Jeni Tranbleman tè (<http://www.iaee.or.jp/>). Si sa nesèsè, atik yo ka tradui ak kontni yo ka chanje pa ekspè lokal pou yo ka adapte ak kondisyon lokal yo.

Referans:

Bothara, J., and Brzev, S., 2011. A Tutorial: Improving the Seismic Performance of Stone Masonry Buildings. Earthquake Engineering Research Institute, Oakland, California, U.S.A., Publication WHE-2011-01, 78 pp. www.world-housing.net/tutorials/stone-tutorials (accessed 10 July 2020).

Charleson, A. W., 2008. Seismic design for architects – outwitting the quake. Elsevier: Oxford. Chapter 4 “Horizontal structure”, pp. 49-61.

Murty, C. V. R., 2005. Why are horizontal bands necessary in masonry buildings – Earthquake Tip 14. IITK-BMTPC “Learning earthquake design and construction”, NICEE, India. <http://www.iitk.ac.in/nicee/EQTips/EQTip14.pdf> (accessed 5 May 2020).

Swiss Agency for Development and Cooperation SDC, 2018. Guidebook for building earthquake-resistant houses in confined masonry. http://www.world-housing.net/wp-content/uploads/2018/11/Guide-book-for-building-eq-re-houses-in-cm_version-1806.pdf (accessed 5 May 2020).

Kay ki reziste nan tranblemann tè

Atik 9. Konesans lokal ak sekirite kay pandan tranblemann tè

Nan peyi yo rele Endonezi an, tankou lot peyi, obsèvasyon apre pasaj tranblemann tè montre kèk fwa ke kay tradisyonel yo pi solid pase nouvo kay yo. Kay tradisyonèl sa yo gen ladan yo konesans lokal la nan chwa materyo yo, fòm yo, sistèm estriktirèl yo ak nan jan yo fè koneksyon ant pati estrikti a.

Kesyon nou menm, konseptè ak bòs mason ki ap bati jounen jodi a, nou bezwen poze se sa: Ki prensip ki soti nan konesans lokal nou ta dwe mete tounen nan nouvo kay yo pou nou amelyore sekirite kont tranblemann tè? Anvan nou reponn kesyon sa a, nou bezwen sonje karakteristik kay tradisyonèl yo ki enpòtan pou jan yo konpòte yo pandan tranblemann tè. Ann raple rapidman, konstriksyon tradisyonèl yo gen karakteristik sa yo an jeneral:

- estrikti an bwa oswa an banbou pou planche yo, do kay ak mi yo;
- konstriksyon ki lejè, eksepte petèt pou do kay ki an brik;
- koneksyon ant kolòn ak senti ki relativman fleksib; epi
- koneksyon fleksib oswa koneksyon ki fè espere pa fò ant kay la ak fondasyon li yo.

Se poutèt sa, kay ki itilize konesans lokal yo lejè e fleksib. Yo balanse anpil de bò a bò pandan yon tranblemann tè. Epitou, si koneksyon yo ak fondasyon an pa fò, yo ka konsidere kay sa yo tankou yo izole an pati parapò ak tè a ki ap tranble. Dapre pratik modèn pou konsepsyon kont tranblemann tè, karakteristik sa yo ka se bagay moun ap chèche.

Pa egzanp, kòm fòs tranblemann tè nan yon kay pwopòsyonèl ak pwa li, materyo konstriksyon yo ta dwe pi lejè posib. Yon kay ki pi lejè pi an sekirite pase yon kay ki sanble avè l, men ki pi lou.

Fleksibilite ka yon avantaj, sof si yo bati kay la sou yon tè mou. Men, yon dezavantaj nan fleksibilite se pi gwo depasman sou kote pandan yon tranblemann tè (Imaj 1 ak 2). Sa vle di plis domaj. An jeneral, li ta dwe evite fleksibilite. Koneksyon fleksib ak fondasyon yo ka yon avantaj nan diminye fòs tranblemann tè yo, men sèlman si kay yo pa ka tonbe sou fondasyon yo. Sistèm modèn izolasyon baz la (Atik 23) ki rekòmande pou gwo bilding enpòtan tankou lopital, itilize fleksibilite sou kote nan nivo fondasyon an.



Imaj 1. Yon bilding trè fleksib pandan mouvman orizontal. Yon nouvo bilding tradisyonèl an Endonezi kote yo itilize materyo konstriksyon ak metòd tradisyonèl.



Imaj 2. Konstriksyon tradisyonèl nan yon lòt rejyon an Endonezi ki se rezilta yon lòt kalite bilding ki fleksib.

Malerezman, chans pou nou mete konesans lokal nan nouvo kay yo trè limite. Rezon prensipal la se paske, lè nou konpare ak tan lontan, kay modèn yo tèlman diferan. Pou kòmanse, pifò nouvo kay yo itilize materyo ki lou, tankou masonri ak beton ame (Imaj 3). Yo fè plan kay yo tou pou yo mwens fleksib, pou diminye mouvman, domaj, ak pri reparasyon yo. E finalman, li difisil e li koute chè pou fè koneksyon ant yon kay ak fondasyon li yo vin fleksib.



Imaj 3.. Konstriksyon konvansyonèl ki lou ki itilize masori ranfose ak beton ame - nan ka sa a, se konstriksyon an masonry ki sere.

An teori, kèk prensip konesans lokal ka amelyore sekirite kont tranbleman tèt, men poutèt jan konstriksyon jodi a fèt yon fason ki tèlman diferan, pifò prensip yo pa ka aplike dirèkteman. Yon sèl eksepsyon se bati ak materyo ki pi lejè, olye de sa ki pi lou yo.

Konsènan seri atik sa yo:

Sa a se yon seri atik sou tranbleman tèt, efè yo sou kay yo, ak fason pou asire ke kay yo an sekirite kont tranbleman tèt. Yo fèt pou pwopriyetè potansyèl nouvo kay ak pi gwo bilding ak lòt moun ki enplike nan domèn konstriksyon an. Atik yo ekri pa Andrew Charleson ak kòlèg li ki soti nan World Housing Encyclopedia (<http://www.world-housing.net/>) ki patwone pa Earthquake Engineering Research Institute (<https://www.eeri.org/>) ak Asosyasyon Entènasyonal Jeni Tranbleman tèt (<http://www.iaee.or.jp/>). Si sa nesèsè, atik yo ka tradui ak kontni yo ka chanje pa ekspè lokal pou yo ka adapte ak kondisyon lokal yo.


Kay ki reziste nan tranblemann tè

Atik 10. Mi plen yo ak kijan yo aji sou building yo pandan tranblemann tè


Mi plen yo se mi an masonri ki ranpli espas ki genyen ant kolòn yo ak anba travès ki anlè yo. Yo konstwi mi sa yo apre yo fin mete kolòn ak travès an beton yo. Yo itilize mi plen sa yo anpil nan bilding ki itilize estrikti kolòn ak travès pou reziste kont tranblemann tè. Estrikti an beton ame ki gen mi plen yo ka sanble ak konstriksyon masonri ki gen ranfòsman sou kote (gade Atik 7), men de sistèm sa yo pa menm ditou.

Mi plen yo fèt ak brik oswa blòk beton oubyen ajil ki kwit, ki kole ak mòtye siman oswa siman ak lacho. Menm si gen ti fenèt ladan yo, mi plen yo souvan pi rijid epi pi solid kont mouvman orizontal tranblemann tè pase estrikti prensipal la. Gen fwa mi plen yo ede diminye domaj pandan tranblemann tè, men souvan tou, yo konn lakoz domaj vin pi grav.

Lè estrikti ki fèt ak kolòn ak travès ap souke pandan yon tranblemann tè, tout mòso yo pliye, epi estrikti a deplase sou kote (Gade Imaj 1a). Men, si ou mete mi plen nan ouvèti yo, mi sa yo anpeche kolòn ak travès yo pliye. Lè sa rive, mi plen a sibi gwo fòs konpresyon an dyagonal. Lè sa, fant dyagonal ka fòme tou. Fòs konpresyon sa yo pouse sou tèt ak anba kolòn yo, sa ki souvan lakòz domaj nan zòn sa yo (Gade Imaj 1b). Fant dyagonal yo ogmante feblès mi plen yo kont sekous tranblemann tè ki vini pèpandikilè ak longè yo. Gen kèk mòso nan mi yo, oswa pafwa tout mi a, ki ka tonbe deyò bilding nan (Gade Imaj 2). Chèche imaj “**masonry infill earthquake damage**” sou entènèt pou plis enfòmasyon sou domaj mi plen yo pandan tranblemann tè.



Imaj 1. (a) Yon elevasyon ki montre yon poto ak yon travès ki vid, ki ap pliye sou kote pandan yon tranblemann tè (1). (b) Montre kijan mi plen an (2) anpeche kolòn ak travès yo pliye, li sibi yon fòs konpresyon an dyagonal (3) ak fant dyagonal (4).




Imaj 2. Mi plen ki sibi gwo domaj pandan tranblemann tè, kèk ladan yo ki tonbe sòti nan bilding nan.

Mi plen yo ka amelyore sekirite yon bilding pandan tranblemann tè, men sèlman si kondisyon sa yo respektè: Mi plen yo ki ap aji nan direksyon longè bilding nan dwe simetrik nan plan an, epi yo dwe kontinye san kanpe soti nan premye etaj rive jis nan do kay la. Yo dwe ranfòse yo tou kont sekous ki vini pèpandikilè ak longè yo, jan nou pral eksplike sa apre.

Menm kondisyon sa yo dwe aplike pou mi plen ki aji nan direksyon lajè bilding nan. Finalman, kolòn yo, travès yo, ansanm ak mi plen yo, dwe fèt pa enjenyè sivil ki kalifye.


Lè kondisyon sa yo pa respekte, mi plen yo sibi domaj, epi yo ka lakòz gwo domaj sou kolòn ki tou pre yo. Chwa ki disponib pou konstwi yon bilding ki an sekirite kont tranbleman tè limite. Pi bon solisyon an se ranplase mi an masonri ak yon materyo ki pa ka pran dife, ki pi lejè epi pi fleksib, tankou plak siman. Yon lòt opsyon se itilize vè ant mi plen ak kolòn yo, epi kite yon ti espas sou kote ant yo pou pèmèt mouvman. Sa ede evite pèdi lavi epi li pwoteje estrikti prensipal la kont domaj. Yon lòt solisyon kote yo bezwen mi solid, se separe mi plen yo de kolòn ak travès ki bò kote yo, ak ti espas piti ki plen ak materyo ki ka konprese (gade Imaj 3). Espas sa yo pèmèt kolòn ak travès yo pliye, men li nesesè mete ranfòsman oswa etriye an fè pou estabilize mi yo kont sekous ki vini pèpandikilè. Yon lòt opsyon se mete mi yo deyò oswa dèyè kolòn yo, konsa kolòn ak travès yo ka pliye lib (gade Imaj 4 ak Imaj 5).



Imaj 3. Yon mi plen an masonri (1), ki pwoteje kont sekous ki vini pèpandikilè ak longè li, gras ak kolòn entèmedyè oswa "kolòn pratik" (2), epi ki separe de kolòn ak travès prensipal yo pa ti espas piti (3) ki plen apre ak materyo mou, epi kouvri ak yon bann pwoteksyon.



Imaj 4. Yon egzanp yon kolòn entèmedyè pou estabilize yon mi an masonri (S. Brzev).



Imaj 5. (a) Se yon plan ki montre kolòn yo (1) sou chak bò yon mi plen separe (2) epi ki gen ti kolòn nan chak bout pou bay estabilite. (b) Mi masonri a, ansanm ak kolòn ki bay estabilite (3), depase soti bò kolòn estriktirèl yo pou pa anpeche yo pliye.

Konsènan seri atik sa yo:

Sa a se yon seri atik sou tranbleman tè, efè yo sou kay yo, ak fason pou asire ke kay yo an sekirite kont tranbleman tè. Yo fèt pou pwopriyetè potansyèl nouvo kay ak pi gwo bilding ak lòt moun ki enplike nan domèn konstriksyon an. Atik yo ekri pa Andrew Charleson ak kòlèg li ki soti nan World Housing Encyclopedia (<http://www.world-housing.net/>) ki patwone pa Earthquake Engineering Research Institute (<https://www.eeri.org/>) ak Asosyasyon Entènasyonal Jeni Tranbleman tè (<http://www.iaee.or.jp/>). Si sa nesèsè, atik yo ka tradui ak kontni yo ka chanje pa ekspè lokal pou yo ka adapte ak kondisyon lokal yo.

Referans:

Charleson, A. W., 2008. Seismic design for architects: outwitting the quake. Oxford, Elsevier, pp. 159-168.

Infilled frame. Glossary for GEM Taxonomy. Global Earthquake Model. <https://taxonomy.openquake.org/terms/infilled-frame>.


Murty, C. V. R., et al., 2006. At risk: the seismic performance of RC frame buildings with masonry infill walls. California, World Housing Encyclopedia. http://www.world-housing.net/wp-content/uploads/2011/05/RCFrame_Tutorial_English_Murty.pdf (accessed 8 June 2020).

Semnani, S. J., Rodgers, J. E., and Burton, H. V., 2014. Seismic Design Guidance for New Reinforced Concrete Framed Infill Buildings. Geohazards International. https://4649393f-bdef-4011-b1b6-9925d550a425.filesusr.com/ugd/08dab1_5710341c7b304eef9d79bfd50efe839a.pdf (accessed 8 June 2020).

Kay ki resiste nan tranblemann tè

Atik 11. Yon feblès estriktirèl anpil moun fè poun evite: etaj mou

Imaj 1 an konpare de bilding. Kolòn ak travès ki nan tou de bilding yo ase fò pou pote pwa bilding la, yon fòs ki sòti anlè ki desann anba. Men, kijan nou ka konpare jan de bilding sa yo konpòte yo lè gen yon fòs orizontal ki rive? Van lakòz fòs orizontal, men fòs ki pi grav yo rive pandan yon tranblemann tè lè tè a souke bilding yo ale vini nan tout direksyon orizontal.




Imaj 1. Nan bilding (a) mi deyò ak mi separasyon andedan kay la nan tout etaj, men nan (b) mi sa yo pa la nan etaj ki pi ba a. Etaj anba a ouvè.

Premye bilding nan (Imaj 1a) relativman fò kont fòs orizontal yo. Nan chak etaj, yon konbinezon kolòn ak senti an beton ame, ansanm ak mi plen ak miray separasyon yo, travay ansanm pou reziste kont fòs orizontal tranblemann tè a. Chak etaj parèt gen yon fòs menm jan an. Yon lòt bò, dezyèm bilding nan (Imaj 1b) pa gen okenn mi ranfòsman nan premye etaj la. Petèt etaj sa a itilize pou pakin machin. Etaj sa a, lè sa a pi fèb lontan pase etaj ki anwo yo. Idealman, etaj ki pi ba yo nan yon bilding ta dwe pi fò pase sa ki anwo yo. Konsidere fòm yon pye bwa (Imaj 2). Pifò kòf pye bwa yo pi fò nan baz yo paske se kote kontrent yo pi wo pandan gwo van. Bilding yo ta dwe swiv menm prensip sa a epi yo dwe pi fò nan baz yo.



Imaj 2. Pifò kòf pye bwa pi solid nan baz yo.

Lè yon tranbleman tè souke dezyèm bilding nan (Imaj 1b), domaj fèt nan zòn ki pi fèb la. Nan ka sa a, se kolòn nan premye etaj la (Imaj 3). Kolòn yo pliye sou kote, epi yo andomaje nan pwosesis la. Souvan gravite domaj la fè ke kolòn yo pa ka sipòte pwa bilding nan ankò. Kolòn yo kase epi bilding nan tonbe. Etaj ki pi ba a totalman kraze. Petèt kèk etaj pi wo tou sibi menm domaj la. Nan ka sa a nou pa ka evite ke moun pèdi lavi yo.



Imaj 3. Kolòn nan yon etaj ki fèb pliye twòp epi sibi gwo domaj.

Etaj ki fèb oswa ki pa fò ase prèske toujou parèt pandan tranbleman tè ki lakòz domaj (Imaj 4). Lektè yo ka chèche “soft story building” sou Entènèt epi wè anpil lòt imaj. Men, bòn nouvèl la se ke mòd domaj sa a ka evite. Depi enjenyè ak achitèk yo swiv kòd konsepsyon lokal yo ak meyè gid pratik pandan konsepsyon ak konstriksyon nouvo kay yo, etaj ki fèb yo ka evite. Pou plis enfòmasyon, gade "Referans" yo.



Imaj 4. Bilding sa a ki gen yon etaj ki fèb pèdi premye etaj li pandan yon tranbleman tè ki pat twò fò (N. Vesho).

E ki ka yon bilding ki te la deja ki gen yon etaj ki fèb (Imaj 5)? Li posib pou amelyore pèfòmans yo pandan tranbleman tè. Gen kèk vil atravè mond nan ki te kòmanse pwogram ranfòsman pou tranbleman tè. Sepandan, ranfòsman ka enplike mete nouvo sistèm estriktirèl, tankou ankadreman ranfòse oswa mi estriktirèl. Li souvan difisil pou kontraktè a, pa pratik pou moun ki abite ladan, epi chèn. Li pi preferab pou evite etaj ki fèb nan nouvo konstriksyon lè gen yon kolaborasyon ant achitèk ak enjenyè sivil, epi konsepsyon enjenyè sivil la fèt avèk swen pou depans adisyonèl la piti, si li genyen.



Figure 5. Yon bilding ak etaj mou nou wè anpil kote etaj anba a pi fèb ke lot yo.

Konsènan seri atik sa yo:

Sa a se yon seri atik sou tranbleman tè, efè yo sou kay yo, ak fason pou asire ke kay yo an sekirite kont tranbleman tè. Yo fèt pou pwopriyete potansyèl nouvo kay ak pi gwo bilding ak lòt moun ki enplike nan domèn konstriksyon an. Atik yo ekri pa Andrew Charleson ak kòlèg li ki soti nan World Housing Encyclopedia (<http://www.world-housing.net/>) ki patwone pa Earthquake Engineering Research Institute (<https://www.eeri.org/>) ak Asosyasyon Entènasyonal Jeni Tranbleman tè (<http://www.iaee.or.jp/>). Si sa nesèsè, atik yo ka tradui ak kontni yo ka chanje pa ekspè lokal pou yo ka adapte ak kondisyon lokal yo.

Referans:

Charleson, A. W., 2008. Seismic design for architects: outwitting the quake. Oxford, Elsevier, pp. 144-148.

Murty, C. V. R., 2005. Why are Open-Ground Storey Buildings Vulnerable in Earthquakes? Earthquake Tip 21. IITK-BMTPC "Learning earthquake design and construction", NICEE, India. <http://www.iitk.ac.in/nicee/EQTips/EQTip17.pdf> (accessed 5 May 2020).


Soft Storey. Glossary for GEM Taxonomy. Global Earthquake Model. <https://taxonomy.openquake.org/terms/soft-storey-sos#>.

Kay ki reziste nan tranblemann tè

Atike 12. Yon feblès estriktirèl anpil moun fè poun evite: mi ki pa kontinye

Pou bilding ki itilize mi pou reziste sekous orizontal pandan tranblemann tè, li enpòtan anpil pou mi yo monte dwat soti nan fondasyon bilding nan epi kontinye san koupe jiska nivo tèt (do kay). Prensip sa a, ki di mi yo pa dwe koupe, aplike kèlkeswa materyo konstriksyon an — kit se beton ame oswa masònri. Li aplike tou menm si mi yo se mi plen e yo pa konsidere kòm eleman estriktirèl prensipal. Fòs ak jan mi plen yo rèd fè ke yo aji tankou eleman estriktirèl, menm si se pa pou sa yo te prevwa yo.

Gen de prensipal kalite plan mi ki pa kontinye. Premye a se kote estrikti kolòn ak travès gen tout etaj ranpli eksepte yon sèl (gade Imaj 1a). An jeneral, se etaj anba nèt la (etaj atè a) ki pa gen mi ranpli. Aranjman sa a gen anpil chans pou li lakoz yon etaj ki fèb “etaj mou” pandan yon tranblemann tè ki fò. Danje ki gen nan yon etaj ki fèb diskite nan atik anvan an, Atik 11, nan seri sa a.



Imaj 1. De kalite mi ki pa kontinye. Nan (a) pa gen okenn mi plen nan premye etaj la, epi nan (b) mi plen ki nan premye etaj la pa aliyen ak mi nan etaj anlè yo.

Dezyèm kalite mi ki pa kontinye se lè mi yo deplase nan plan an (gade Imaj 1b). Sa vle di ka gen mi plen nan chak etaj, men nan premye etaj la, pa gen mi anndan bilding nan konpare ak mi ki anlè yo. Se poutèt sa, mi ki anlè yo pa plase sou mi ki pi ba a (gade Imaj 2). Lè gen depasman konsa, li lakoz yon feblès lokal grav nan mi a, espesyalman lè li ap eseye reziste a fòs orizontal yon tranblemann tè. Yon mi ki deplase konsa, se tankou yon pye bwa ki gen yon koub ladan li (gade Imaj 3). Lè van fò soufle, gen anpil chans pou li kraze pye bwa a nan kote ki pliye a. Fòs ki nan nenpòt estrikti pa renmen chanje direksyon toudenkou. Kidonk, kijan nou ka rezoud pwoblèm sa a?



Imaj 2. Plizyè bilding ki gen mi ki depase youn de lòt.



Imaj 3. Yon koub nan yon pye bwa lakoz feblès lokal.

Pi bon apwòch la se asire ke yon mi ki deplase pa sèvi kòm eleman estriktirèl. Lòt eleman estriktirèl ki nan bilding nan, tankou estrikti kolòn ak travès, dwe fèt pou yo ka reziste fòs tranblemann tè yo nan direksyon ki paralèl ak mi an. Nan etap konsepsyon an, yo ta dwe ranplase nenpòt mi an masonri ke yo prevwa ki ap deplase pa yon materyo ki lejè, ki pa ka pran dife, tankou plak siman oswa vè. Materyo sa yo pa ase solid pou sèvi kòm eleman estriktirèl pandan tranblemann tè, sa ki fè yo pi bon chwa. Osinon, se separe nenpòt mi an masonri ki deplase ak estrikti prensipal li a, pou anpeche mi an fonksyone kòm estrikti (gade Atik 10).

Konsènan seri atik sa yo:

Sa a se yon seri atik sou tranblemann tè, efè yo sou kay yo, ak fason pou asire ke kay yo an sekirite kont tranblemann tè. Yo fèt pou pwopriyete potansyèl nouvo kay ak pi gwo bilding ak lòt moun ki enplike nan domèn konstriksyon an. Atik yo ekri pa Andrew Charleson ak kòlèg li ki soti nan World Housing Encyclopedia (<http://www.world-housing.net/>) ki patwone pa Earthquake Engineering Research Institute (<https://www.eeri.org/>) ak Asosyasyon Entènasyonal Jeni Tranblemann tè (<http://www.iaee.or.jp/>). Si sa nesèsè, atik yo ka tradui ak kontni yo ka chanje pa ekspè lokal pou yo ka adapte ak kondisyon lokal yo.

Referans:


Charleson, A. W., 2008. Seismic design for architects: outwitting the quake. Oxford, Elsevier, pp. 151-153.

Kay ki resiste nan tranblemann tè

Atik 13. Yon feblès estriktirèl ki rive souvan pou evite: kolòn kout

Lè li gen pou pote pwa yon bilding, yon kolòn long oswa wo, espesyalman si li pa gen dimansyon transvèsal, ka koz gwo pwoblèm. Li gen tandans pliye. Men, nan ka pou konsevwa bilding ki reziste nan tranblemann tè, kolòn kout yo ka lakòz yon feblès estriktirèl grav. Malgre ke pa osi danjere ke yon etaj ki fèb, kolòn kout lakoz gwo domaj pandan yon tranblemann tè.

Kolòn kout yo fòme pi souvan kote mi ranplisay yo ak kolòn ak travès gen sèlman yon pati nan wotè etaj lan (Imaj 1 ak 2). Yon lòt mo ki pale plis pou 'kolòn kout' se 'kolòn prizonye'. Se paske, pandan yon tranblemann tè avèk sekous orizontal ale-vini li a, mi ranplisay ki pa gen tout wotè a kenbe pati ki pi ba poto a prizonye. Yo anpeche kolòn nan pliye sou kote tankou yon kolòn nòmal fè. Konsa, tout mouvman orizontal la fèt nan ti longè kolòn ki pa bloke pa mi ranplisay an. Se la pwoblèm nan chita!




Imaj 1. Elevasyon yon bilding ki gen kolòn kout. Olye yo kapab koube sou tout wotè yo (1), koubman an konsantre sèlman nan tèt fenèt yo (2) akòz mi ranplisay yo (3).



Imaj 2. Kolòn ki gen wotè nòmal yo vin pi kout lè w gade yo nan pèspektiv rezistans kont fòs orizontal, akòz mi ranplisay ki pa rive nan tout wotè etaj la.

Kolòn nòmal ki pa afekte pa mi ranplisay yo kapab pliye sou kote nan yon fason fleksib pandan yon tranblemann tè. Lè yo ap pliye konsa, fant sere parèt nan kolòn yo ki pa twò grav. Men, si yon kolòn bloke pasyèlman pa mi ranplisay, mouvman ki ta dwe fèt nòmalman sou tout wotè etaj la konsantre nan "kolòn kout" ki anwo tèt mi ranplisay la (Imaj 3). Non sèlman mouvman orizontal sa yo sou yon distans vètikal ki kout lakoz gwo domaj estriktirèl, men yon kolòn kout twò red pou l pliye. Olye de sa, li jis kraze tankou se yon sizo yo pase ladanl. Li kase rak tankou yon kawòt. Fisi dyagonal

yo fòm nan kolòn nan epi beton ki kraze tonbe sòti nan zòn ki domaje a (Imaj 4). Blding nan tonbe epi finalman dwe demoli. Ou ka wè anpil imaj sou kalite domaj sa a lè w fè yon rechèch sou entènèt pou "efè kolòn kout".




Imaj 3. (a) Pandan yon tranbleman tè (1), yon kolòn ki gen wotè nòmal pliye (2) lè l ap deplase orizontalman. Nan pwosesis la li fann (3) men li ka toujou rete fò. Nan (b), yon fenèt anlè (4) ak mi ranplisay (5) lakòz gwo fisi dyagonal nan kolòn kout la ki mennen ke kolòn an kraze.



Imaj 4. Kèk kolòn kout ki domaje pandan yon tranbleman tè.

Nan premye a, yo diminye longè fenèt yo pou pwent yo byen lwen anwo tèt kolòn yo. Dezyèmman, konstwi mi ranplisay yo ak materyo lejè ki pa ka pran dife, tankou pannò siman. Li twò fèb pou l bloke pati anba kolòn an, ki ka konsa pliye nòmalman. Finalman, si yo bezwen mi ranplisay an masonri ki pa rive nan tout wotè a, lè sa a, fòk yo separe yo fizikman de kolòn yo pa yon espas vètikal mens. Espas sa yo ap bezwen yon tretman pou asire pa gen enflitasyon dlo lè lapli. Kek sipò an asye nesèsè pou estabilize mi ranplisay yo pou yo pa tonbe deyò oswa andedan bilding nan pandan tranbleman tè (Imaj 5).



Imaj 5. Yon ankadremen an beton ame ki gen kolòn kout potansyèl (1) ak miray ranplisay an masonri (2) ki kwense pa kolòn ki mare ak senti. Mi yo separe ak ankadremen an pa yon espas vid vètikal men kenbe nan kwen anlè yo pa sipò an asye ki boulonnen sou kolòn yo (3). Sipò yo pèmèt mouvman ant kolòn ak mi yo paralèl ak mi yo, men anpeche mi yo tonbe sòti nan bilding nan pandan yon tranbleman tè.

Konsènan seri atik sa yo:

Sa a se yon seri atik sou tranbleman tè, efè yo sou kay yo, ak fason pou asire ke kay yo an sekirite kont tranbleman tè. Yo fèt pou pwopriyetè potansyèl nouvo kay ak pi gwo bilding ak lòt moun ki enplike nan domèn konstriksyon an. Atik yo ekri pa Andrew Charleson ak kòlèg li ki soti nan World Housing Encyclopedia (<http://www.world-housing.net/>) ki patwone pa Earthquake Engineering Research Institute (<https://www.eeri.org/>) ak Asosyasyon Entènasyonal Jeni Tranbleman tè (<http://www.iaee.or.jp/>). Si sa nesèsè, atik yo ka tradui ak kontni yo ka chanje pa ekspè lokal pou yo ka adapte ak kondisyon lokal yo.

Referans:

Charleson, A. W., 2008. Seismic design for architects: outwitting the quake. Oxford, Elsevier, pp. 148-151.

Murty, C. V. R., 2005. Why are Short Columns more Damaged During Earthquakes? Earthquake Tip 22. IITK-BMTPC "Learning earthquake design and construction", NICEE, India. <http://www.iitk.ac.in/nicee/EQTips/EQTip17.pdf> (accessed 5 May 2020).


Short Column. Glossary for GEM Taxonomy. Global Earthquake Model. <https://taxonomy.openquake.org/terms/short-column-shc>.

Video: Captive column by Cale Ash, Academy of Earthquake Safety. <https://www.youtube.com/watch?v=kRG3XwOvzuo>.

Kay ki reziste nan tranblemann tè


Atik 14. Anpeche yon bilding tòde pandan tranblemann tè

Nenpòt ki kay ap tòde, menm yon ti kras pandan yon tranblemann tè. Lè nou di tòde, sa vle di si ou ta gade bilding nan soti anwo, ou ta wè li ap vire yon ti jan sou li menm. Se pa sèlman sekous tranblemann tè a ki lakoz bilding nan tòde, men li vin pi grav si estrikti bilding nan pa simetrik konpare ak sipèfisi total bilding nan (Imaj 1a).



Imaj 1. De plan baz bilding. Nan (a), fòs tranblemann tè nan chak direksyon reziste pa yon mi sou bò bilding nan ki pa simetrik konpare ak sipèfisi bilding nan. Bilding sa a ap tòde anpil pandan tranblemann tè. Nan (b), mi yo nan chak direksyon plase yon fason simetrik. Konsa, lap mwens tòde.

Pou w ka konprann pwoblèm nan, eseye eksperyans sa. Sèvi ak kò ou pou w santi sa yon bilding ap sibi. Premyeman, kanpe dwat epi louvri bra w sou kote, orizantalman. Apre sa, vire tèt ou ak zepòl ou, yon fason, epi apre sa nan lòt direksyon an (Imaj 2). Ou pral santi kò w ap tòde — ou ap fè eksperyans sa yo rele tòsyon.




Imaj 2. Tòde kò ou pou w santi efè tòsyon

Lè wap tòde kò w, ou remake jan men w deplase pi lwen pase, pa egzanp, zòrèy ou. Apre sa, imajine kò w se yon sant estriktirèl oswa yon fò ki sipòte yon bilding ki pi gwo (gade Imaj 3), ki gen longè rive jis nan pwent dwèt ou. Imajine gen plizyè kolòn sou longè chak bra ou, ki ap sipòte dal yo nan "bilding" ou a. Koulye a, lè ou menm ak bilding ou an tòde, kolòn ki pi lwen sant lan deplase anpil sou kote. Lè yo oblije deplase twòp sou kote, yo sibi domaj grav, e pafwa yo pa ka sipòte pwa bilding nan ankò.



Imaj 3. Yon egzanp yon sant an beton ame pandan konstriksyon yon bilding.

Konsèptè yo, enjenyè sivil yo ak achitèk yo gen de metòd pou kontwòle tèsyon epi diminye domaj sou kolòn yo. Premyèman, yo plase mi ki pote chay yo oswa lòt estrikti vètikal tankou estrikti kolòn ak travès yo, nan yon fason ki simetrik sou plan dal la (Imaj 1b). Dezyèmman, nan tou de direksyon orizontal yo, nan longè ak lajè bilding nan, yo mete omwen de eleman estriktirèl vètikal ki solid, byen separe youn ak lòt. Si de eleman sa yo plase sou perimèt bilding nan, nan de pwent yo ak de bò yo, yo vin pi efikas nan kontwòle tèsyon. Yo anpeche kolòn yo deplase sou kote twòp epi konsa, yo evite domaj grav ki ka vin apre sa (Fig.i 4).



Imaj 1. De plan baz bilding. Nan (a), fòs tranblemann tè nan chak direksyon, swa nan lajè oswa nan longè bilding nan, reziste gras ak de mi ki plase nan yon pozisyon ki ase simetrik. Mi yo separe (1), men se pa yon gwo distans. Sepandan, nan (b), mi ki aji nan chak direksyon yo on separasyon maksimòm (1), epi konsa yo bay pi bon kontwòl tèsyon.

Konsènan seri atik sa yo:

Sa a se yon seri atik sou tranblemann tè, efè yo sou kay yo, ak fason pou asire ke kay yo an sekirite kont tranblemann tè. Yo fèt pou pwopriyetè potansyèl nouvo kay ak pi gwo bilding ak lòt moun ki enplike nan domèn konstriksyon an. Atik yo ekri pa Andrew Charleson ak kòlèg li ki soti nan World Housing Encyclopedia (<http://www.world-housing.net/>) ki patwone pa Earthquake Engineering Research Institute (<https://www.eeri.org/>) ak Asosyasyon Entènasyonal Jeni

Tranblemann tè (<http://www.iaee.or.jp/>). Si sa nesesè, atik yo ka tradui ak kontni yo ka chanje pa ekspè lokal pou yo ka adapte ak kondisyon lokal yo.

Referans:

Charleson, A. W., 2008. Seismic design for architects: outwitting the quake. Oxford, Elsevier, pp. 128-132.

Murty, C. V. R., 2005. How Buildings Twist During Earthquakes?: Earthquake Tip 7. IITK-BMTPC “Learning earthquake design and construction”, NICEE, India. <http://www.iitk.ac.in/nicee/EQTips/EQTip07.pdf> (accessed 5 May 2020).

Torsion eccentricity. Glossary for GEM Taxonomy. Global Earthquake Model. <https://taxonomy.openquake.org/terms/torsion-eccentricity-tor>.


Kay ki reziste nan tranblemann tè

Atik 15. Poukisa bilding yo frappe youn ak lòt pandan tranblemann tè

Èske w janm wwayaje nan yon transpò piblik ki gen anpil moun, petèt yon bis oswa yon tren? Ou ka kanpe tou pre yon lòt moun yo men nou pa kole. Men, lè bis la chanje vitès oswa direksyon, tout moun bouje, sa ki lakòz ou frappe pasaje ki bò kote w la.

Yon bagay konsa rive pandan tranblemann tè. Lè tè a souke, bilding yo souke plis. Men, bilding yo pa souke ansanm, oswa menm jan. Chak bilding diferan, epi li deplase yon fason diferan pandan yon tranblemann tè. Chak kay gen yon vitès li vibre ki pa menm ak lòt kay, e se nan vitès sa li reponn. Mouvmman ale-vini yo ogmante yon fason diferan pou chak bilding, yo ogmante tou ak wotè chak bilding.

Si bilding yo konstwi twò pre youn ak lòt oswa youn kole ak lòt, lè tè a souke, chak bilding vibre yon fason diferan. Bilding yo frappe vwazen yo, pafwa sa lakòz gwo domaj (Imaj 1 ak 2). Yon rechèch sou entènèt pou imaj " bilding ki frappe ansanm pandan tranblemann tè", montre anpil ka domaj ki rive akòz ke bilding frappe pandan divès tranblemann tè atravè mond nan.




Imaj 1. De bilding ki pa gen ase espas ant yo pou tranblemann tè, ap frappe youn ak lòt pandan yon tranblemann tè.



Imaj 2. De bilding te frappe youn ak lòt men gen youn ki sibi plis domaj pase lòt la.

Solisyon pou anpeche ke nouvo bilding yo frape youn ak lòt pandan tranblemann tè, li enpòtan pou gen ase espas ant yo. Ou dwe konstwi bilding ou andedan limit tè ou, eksepte bò lari a. Espas sou kote ak dèyè yo dwe laj ase pou bilding nan pa frape vwazen an lè tè a souke (Imaj 3). Sa se yon règ ki egziste nan anpil vil nan mond nan.



Imaj 3. Plan sa a montre yon bilding (1) andedan limit li (2) ak bò lari (3). Sou twa bò, yo bati kay la lwen limit tè a, nan yon distans menm jan ak lajè yon espas sismik (4).

Ki lajè espas sa yo, ke yo rele anjeneral "espas separasyon sismik", dwe ye? Sa depann de wotè kay la ak souplès li. Pou bilding ki pi fleksib kòd tranblemann tè yo pèmèt, espas la jis rive nan limit la se anviwon 2% de wotè bilding nan. Pou yon kay kat etaj, sa fè 240 mm. Si enjenyè a fè kay la pi solid, ak pi gwo poto, pout, oswa mi pi long, espas la ka pi piti. Lè kay yo pre youn ak lòt, yo plen espas yo ak yon materyo fleksib (Imaj 4 ak 5).



Imaj 4. De bilding ki separe ak yon espas simik ki plen ak yon materyo fleksib.



Imaj 5. Yon foto pi pre de materyo fleksib yo mete nan espas sismik la.

Li vrèman difisil pou anpeche de bilding ki deja la, ki pa gen ase espas ant yo, frape youn ak lòt lè gen yon gwo tranblemann tè. Si etaj yo aliye, domaj la mwens grav, paske dal ap frape ak dal. Si yo pa aliye, etaj yon bilding ka vrèman kraze poto lòt bilding nan. Se poutèt sa, li bon pou gen poto an rezèv, "bakòp," pou si kolòn deyò yo yo ki pi vilnerab yo ta domaje.

Konsènan seri atik sa yo:

Sa a se yon seri atik sou tranblemann tè, efè yo sou kay yo, ak fason pou asire ke kay yo an sekirite kont tranblemann tè. Yo fèt pou pwopriyete potansyèl nouvo kay ak pi gwo bilding ak lòt moun ki enplike nan domèn konstriksyon an. Atik yo ekri pa Andrew Charleson ak kòlèg li ki soti nan World Housing Encyclopedia (<http://www.world-housing.net/>) ki patwone pa Earthquake Engineering Research Institute (<https://www.eeri.org/>) ak Asosyasyon Entènasyonal Jeni Tranblemann tè (<http://www.iaee.or.jp/>). Si sa nesèsè, atik yo ka tradui ak kontni yo ka chanje pa ekspè lokal pou yo ka adapte ak kondisyon lokal yo.

Referans:

Charleson, A. W., 2008. Seismic design for architects: outwitting the quake. Oxford, Elsevier, pp. 137-139.

Pounding potential. Glossary for GEM Taxonomy. Global Earthquake Model.

<https://taxonomy.openquake.org/terms/pounding-potential-pop>.

Kay ki reziste nan tranblemann tè

Atik 16. Kòd ak nòm konstriksyon

Objektif kòd ak nòm konstriksyon yo se, an premye, asire ke bilding ou an an sekirite. Dezyèmman, asire ke li pa gen defo tankou travès ki trò koube pandan bilding nan ap sèvi, pandan yo ap itilize materyo yo avèk efikasite. Kòd ak nòm yo anjeneral fèt pa ekip ekspè ki sòti nan inivèsite, nan domèn pwofesyonèl enjenyè, depatman gouvènman ak antreprenè. Manm ekip sa yo itilize pwòp rechèch ak eksperyans yo (Imaj 1). Anplis de sa, yo gade tout dènye devlopman ki fèt aletranje. Lè yo wè sa bon pou kondisyon lokal yo, yo mete devlopman sa yo nan kòd. Lè yon kòd pibliye, li reprezante rekòmandasyon ki pi avanse nan domèn nan pou yon konstriksyon ki an sekirite, dirab ak ekonomik.



Imaj 1. Kolòn ak travès an beton ame nan vrè gwosè yo ki ap teste nan yon laboratwa.

Menm jan ak tout lòt endistri, endistri konstriksyon an ap fè fas ak chanjman. Nouvo materyo, nouvo teknik konstriksyon, ak nouvo apwòch nan konsepsyon ap devlope tout tan (Imaj 2). Chanjman ak inovasyon sa yo sòti nan men kontraktè ak chèchè. Sa fè kòd yo bezwen mete ajou regilyèman. Si yo pa mete yo ajou, sa ka lakoz bilding ki pa an sekirite e ki pa ekonomik.



Imaj 2. Bilding sa a gen egzanp avanse sou itilizasyon beton prefabrike.

Kòd yo fikse pi bon pratik nan konstriksyon. Règ yo dwe swiv pou pwòp sekirite ou, kit ou se pwopriyetè oswa moun kap gen pou viv nan bilding nan, epi pou sekirite kominote a. Si ou pa swiv sèten nòm, sa ka gen konsekans grav. Konsidere, pa egzanp, sa ki ka rive nan yon lòt sitiyasyon kote nòm yo pa respekte. Imajine yon doktè kap egzamine w lè w malad. Si doktè a pran chimen kout pandan egzamen an pou li sove tan, tankou li pa mezire tansyon ou oswa pa fè ou fè yon radyografi, dyagnostik la ka ka pa kòrèk. Nan ka sa a, medikaman yo bay yo pap efikas e maladi ou ap vin pi grav. Kòd ak nòm yo pwoteje w.

Swiv kòd yo pi enpòtan lè sitiyasyon yo konplike epi konesans ak eksperyans pèsònèl yo limite. Konsepsyon ak konstriksyon yon bilding pou reziste nan tranbleman tèt se yon egzanp konsa. Pifò enjenyè sivil, achitèk ak konstriktè pa janm temwen pèsònèlman sa k rive yon bilding pandan yon gwo tranbleman tèt — kijan li sibi domaj ki ogmante jiskaski li finalman tonbe. Anplis, pifò pwofesyonèl nan domèn bilding pa janm wè pèsònèlman tès syantifik nan laboratwa kote eleman bilding tankou kolòn ak travès sibi mouvman tranbleman tèt eksperymanal. Kòd yo konpanse pou mank eksperyans, konesans ak sajès pèsònèl konsènan tranbleman tèt. Swiv kòd yo se sèl fason pou gen konstriksyon ki an sekirite.

Kòd yo bay bon jan gid nan tout etap konsepsyon ak konstriksyon yon bilding (Imaj 3). Enjenyè sivil ak achitèk dwe respekte sèten nòm pandan faz konsepsyon ak konstriksyon. Konstriktè yo dwe asire ke materyo ak metòd konstriksyon yo swiv nòm yo tou. Swiv nòm yo se pou avantaj ou. Si gen erè oswa si moun pran chemen kout, bilding ou a pap pwobableman an sekirite pandan tranbleman tèt. Kòd ak nòm yo dwe toujou respekte.



Imaj 3. Fondasyon yon bilding kap konstwi. Enjenyè yo swiv kòd yo pou kalkile kantite fè yo bezwen ak pozisyon kòrèk yo.

Konsènan seri atik sa yo:

Sa a se yon seri atik sou tranbleman tèt, efè yo sou kay yo, ak fason pou asire ke kay yo an sekirite kont tranbleman tèt. Yo fèt pou pwopriyetè potansyèl nouvo kay ak pi gwo bilding ak lòt moun ki enplike nan domèn konstriksyon an. Atik yo ekri pa Andrew Charleson ak kòlèg li ki soti nan World Housing Encyclopedia (<http://www.world-housing.net/>) ki patwone pa Earthquake Engineering Research Institute (<https://www.eeri.org/>) ak Asosyasyon Entènasyonal Jeni Tranbleman tèt (<http://www.iaee.or.jp/>). Si sa nesèsè, atik yo ka tradui ak kontni yo ka chanje pa ekspè lokal pou yo ka adapte ak kondisyon lokal yo.

Kay ki reziste nan tranblemann tè

Atik 17. Sa pou gade nan règleman konstriksyon yo

Règleman konstriksyon yo (pa egzanp, kòd ak estanda konstriksyon) se règ pou konstwi. Yo pwoteje nou menm ak lòt moun. Yo la pou sekirite nou, pou asire ke bilding yo solid epi ke yo bon pou viv, travay, fè makèt, ak lapriyè ladan yo. Règleman yo gen ladan yo règ pou fè bilding yo reziste lè gen tranblemann tè.

Kidonk, kisa nou ta dwe jwenn nan règleman konstriksyon yo? Ki sa ki ta ka fè yo pi efikas pou gen bilding ki an sekirite? Men senk bagay nou ka fè:

1. **Règleman ki adapte ak nou:** Règleman konstriksyon yo dwe sanble ak reyalitye sosyete a, kilti a, ekonomi an, ak bezwen chak sitwayen (Imaj 1). Nou pa ka gen menm estanda ak peyi rich yo, men sa tout moun vle se règleman ki bon pou yo epi ki pa koute chè. Nou bezwen règ tou pou fason moun isit yo konstwi kay yo san enjenyè, tankou jan nou konn konstwi kay nou yo, menm si se ti pa ti pa (Imaj 2).



Imaj 1. Moun yo espere ke kay yo pap kraze lè tè a souke.



Imaj 2. Li nesesè pou gen kòd konstriksyon epi aplike yo pou amelyore sekirite kay sa yo lè tranblemann tè.

